

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Gambaran kahirupan manusa jeung alam sabudeureunana bisa diébréhkeun dina karya sastra. Karya sastra mangrupa bagian penting nu teu bisa leupas tina kahirupan barudak, ogé raket patalina jeung kahirupan sosial masarakat. Aspék sosial dina karya sastra barudak dianggap kurang kaguar, sarta pamahaman masarakat kana hasil karya sastra téh masih kurang. Padahal saupama diteuleuman tina sababaraha aspék nu kasampak dina karya sastra, hususna bacaeun pikeun barudak, euyeub pisan ku ajén-ajén nu bisa dijadikeun média di dunya atikan.

Nurutkeun Isnéndés (2010, kc. 14) ciri idéntitas sastra téh nyaéta salaku karya seni, salian ti idéntitas sastra minangka élmu. Karya sastra mangrupa karya seni ogé alat komunikasi antara sastrawan jeung masarakat atawa nu maca. Karya sastra jadi média pikeun nepikeun maksud-maksud ngaliwatan kode-kode sastra. Nurutkeun Sarumpaet (2009, kc. 12) sastra anak nu sipatna hiburan, ogé alat nepikeun maksud jeung tujuan sangkan nu maca bisa maham kana ajén atikan dina eusi carita. Carita pondok jadi salah sahiji bahan bacaan nu dipikairut ku barudak. Sabab carpon téh karangan tinulis fiksi atawa rékaan nu galur caritana rélatif basajan. Carpon ogé ngandung bebeneran nu patali jeung kahirupan manusa. Ku kituna, dina carpon nyangkaruk aspék-aspék nu patali jeung kahirupan sosial.

Kumpulan carpon *Ulin di Monumén* nu satuluyna disingget jadi *UdM* tinangtu miboga masalah-masalah sosial nu kudu dipaluruh. Ku kituna kumpulan carpon *UdM* jadi objék nu rék dianalisis aspék sosialna ngagunakeun téori sosial sastra. Sosial sastra nurutkeun Anwar (2012 kc. 1) nyaéta téori nu pedaranna leuwih komprehensif, ngeunaan kumaha sastra disawang tina aspék sosial sarta kumaha masarakat lamun disawang salaku aspék nu mangaruhan karya sastra. Jadi, cindekna mah aspék sosial lamun dipatalikeun jeung sastra mémang raket patalina, sabab karya sastra utamana dina carpon teu bisa leupas tina aspék sosial.

Abrams (dina Mukmini, 2000, kc. 9) nétélakeun yén aya opat pamarekan sastra nu bisa digunakeun dina kajian sastra. Aya pamarekan éskprésif nu museur ka pangarangna, pamarekan pragmatif nu nyoko ka nu macana, pamarekan mimétik nu matalikeun karya sastra jeung kaayaan alam sabudeureunana, jeung pamarekan objéktif nu nyoko kana karyana. Dina ieu panalungtikan téh ngan diguar ngeunaan pamarekan objéktif, mimétik, jeung pragmatik. Sabab dianggap leuwih relevan, ogé objék nu ditalungtik téh leuwih loba nu bisa dianalisis maké pamarekan objéktif jeung mimétik. Pamarekan objéktif dianggap karya sastra nu mandiri atawa otonom. Ku sabab kitu, ieu pamarekan téh diarahkeun kana strukturalisme nu dina ieu téori mah disebut pamarekan objéktif. Pamarekan mimetik nyaéta pamarekan nu matalikeun eusi karya sastra jeung bebeneran dina kahirupan nyata di masarakat. Pamarekan pragmatik museureun sawangan ti pamaca.

Sababaraha pasualan nu geus diébréhkeun di luhur, tangtu dina ieu panalungtikan miboga udagan. Analisis aspék sosial tina kumpulan carpon bisa jadi salah sahiji pangajaran dina kahirupan barudak, utamana patali jeung atikan. Analisis kumpulan carpon ngagunakeun ulikan objéktif nu nganalisis unsur intrinsik tina karya sastra, sarta nganalisis kumpulan carpon ngagunakeun ulikan mimétik pikeun ngébréhkeun gambaran kahirupan nu aya dina karya sastra, ogé pamarekan pragmatik matalikeun kaayaan sosial tina sawangan pamaca.

Salah sahiji karya sastra bacaeun keur barudak nyaéta kumpulan carpon *Ulin di Monumén* karya Tétti Hodijah. Pangarang Sunda Tétti Hodijah mimiti ngarang karya dina basa Sunda taun 1980-an. Nulis dina wangun carita pondok jeung kolom, dimuat dina *Manglé*, satuluyna dina Kalawarta *Kujang*, *Galura*, jeung *Giwangkara*. Sastrawati nu kungsi jadi Sekretaris Paguyuban Sastrawati Sunda, PATREM, ieu téh pangarang wanoja Sunda nu kawilang produktif, sabab karya sastrana masih aktif dimuat dina sababaraha media, hususna dina eusi kumpulan carpon *UdM* nu euyeub ku ajén atikan sarta teu leupas tina gambaran kahirupan sosial jeung amanat pikeun barudak. Yayasan Kebudayaan Rancagé taun 2018 ngalélér *Hadiah Samsodi* ka buku kumpulan carpon *Ulin di Monumén*.

Kumpulan carpon *UdM* karya Tétti Hodijah miboga sababaraha aspék sosial di antarana aspék sosial agama, aspék sosial ékonomi, jeung aspék sosial

atikan. Nganalisis aspék sosial tina kumpulan carpon *UdM* bisa nyeukeutan deui pola pikir jalma dina nalaah hiji karya, sangkan leuwih gampang tur katémbong pamaksudanana.

Panalungtikan ngeunaan aspék sosial kawilang langka kénéh, réréana mah tina aspék sosiologi sastra. Panalungtikan saméméhna nu ngagunakeun aspék sosial jeung strukturalisme di antarana “Analisis Komparatif Aspék Sosiologi Sastra dina Kumpulan Carpon (*Murang-maring* jeung *Serat Sarwasatwa*) jeung Novél (*Sandékala* jeung *Déng*) karangan Godi Suwarna” ku Ari Andriyansyah taun 2010, “Aspék Sosiologi Sastra dina Kumpulan Carpon *Nu Harayang Dihargaan* Karya Darpan” ku Arif Ali Abdilah taun 2013, sarta panalungtikan nu medar ngeunaan “Struktur jeung Aspék Sosial dina Novél *Béntang Hariring* pikeun Bahan Pangajaran Aprésiasi Sastra di SMP” ku Hinhin Wahidah taun 2017.

Sok sanajan geus aya nu nalungtik kumpulan carpon, struktur jeung aspék sosial, tapi bédana dina ieu panalungtikan téh ngagunakeun pamarekan Objéktif jeung mimétik M.H. Abrams, ogé nganalisis aspék sosialna ngagunakeun téori sosial sastra Ahyar Anwar. Objék dina ieu panalungtikan nyaéta kumpulan carita budak *Ulin di Monumén* karya Tétti Hodijah. Can aya panalungtikan nu ngaguar kumpulan carita budak *Ulin di Monumén* ngagunakeun ulikan objéktif, mimétik, jeung pragmatik, ogé nganalisis aspék sosialna. Ku kituna, perlu diayakeun panalungtikan ngeunaan “Aspék Sosial dina Kumpulan Carita Budak *Ulin di Monumén* Karya Tétti Hodijah (Ulikan Objéktif, Mimétik, jeung Pragmatik)”.

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur, aya sababaraha patalékan nu patali jeung ieu panalungtikan, kayaning ieu di handap.

- a. Kumaha ulikan objéktif kana kumpulan carita budak *Ulin di Monumén*?
- b. Kumaha ulikan mimétik kana kumpulan carita budak *Ulin di Monumén*?
- c. Kumaha ulikan pragmatik kana kumpulan carita budak *Ulin di Monumén*?
- d. Aspék sosial naon waé nu kapanggih dina kumpulan carita budak *Ulin di Monumén*?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Dumasar kana rumusan masalah di luhur, tujuan umum dina ieu panalungtikan téh pikeun nambahan kajian dina widang sastra utamana nu ngulik maké pamarekan struktural nu fokus kana unsur intrinsikna wungkul, jeung ngungkab ma'na sosial nu nyamuni dina kumpulan carita budak nu hayang ditepikeun ka pamaca.

1.3.2 Tujuan Husus

Ieu panalungtikan miboga tujuan husus, kayaning ieu di handap.

- a. Nganalisis unsur instrinsik kumpulan carita budak *UdM*.
- b. Nganalisis kumpulan carita budak *UdM* ngagunakeun pamarekan mimétik.
- c. Nganalisis kumpulan carita budak *UdM* ngagunakeun pamarekan pragmatik.
- d. Nganalisis aspék sosial dina kumpulan carita budak *UdM*.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat tina Segi Tioritis

Ieu panalungtikan dipiharep miboga mangpaat sacara téoritis, kayaning ieu di handap.

- a. Ieu panalungtikan bisa ngabeungharan pangaweruh dina ulikan sastra Sunda utamanana dina ulikan objéktif, mimétik, jeung pragmatik.
- b. Pikeun ngeuyeuban paélmuana dina widang sastra barudak ku cara medar aspék sosialna.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis, ieu panalungtikan dipiharep bisa miboga mangpaat kayaning ieu di handap.

- a. Pikeun panalungtik, nambahan pangalaman dina prosés panalungtikan sastra utamana dina karya sastra wangun carpon.
- b. Pikeun masarakat atawa nu maca, bisa ngajembaran pangaweruh ngeunaan karya sastra hususna dina kumpulan carita budak *UdM* karya Tétti Hodijah.
- c. Sajaba ti éta, bisa numuwuhkeun karep jeung karesep masarakat kana maca karya sastra bacaan barudak.

1.4.3 Manfaat tina Segi Isu jeung Aksi Sosial

Hasil tina ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat pikeun kahirupan masarakat sangkan leuwih bisa ngaropéa paripolah barudak di jaman milenial ku cara méré pangaweruh ngaliwatan karya sastra.

1.5 Sistematika Tulisan

Ieu skripsi ngawengku lima bab nyaéta ieu di handap.

Bab I ngawengku kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung sistematika tulisan.

Bab II medar téori nu aya patalina jeung panalungtikan. Sawatara téori nu dipedar di antarana carpon, aspék sosial, objéktif, mimétik, jeung pragmatik. Aspék sosial ngawengku aspék sosial agama, aspék sosial ékonomi, jeung aspék sosial atikan.

Bab III medar métode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nu ngawengku métode panalungtikan, desain panalungtikan, téhnik ngumpulkeun jeung téhnik ngolah data.

Bab IV medar hasil panalungtikan sacara gembeng tina hasil panalungtikan nu dilaksanakeun.

Bab V ngawengku kacindekan, implikasi jeung rékomendasi.